

Ou bezwen èd pou w ka peye bòdwo medikaman yo?

HHC kapab petèt ede w.

Menm moun ki gen travay ak asirans ka kalifye pou jwenn èd finansye. Ou ta ka sezi wè kantite moun ki kalifye!

Mande yon rabè

Si ou resevwa yon bòdwo medikal ou santi ki twòp pou ou, gade si ou kalifye pou jwenn yon **rabè**.

Echèl glisman **HHC yo** ka fè swen yo vin pi abòdab. Kantite lajan w ap peye a depann de kantite lajan fanmi w ap fè ak kantite moun ki nan fanmi w.

Bòdwo ki soti nan nenpòt lopital Hartford HealthCare ak founisè ki fè pati Hartford HealthCare Medical Group patisipe.

<https://hartfordhealthcare.org/discounts>

Konnen anvan ou ale

Mande yon estimasyon anvan ou fè yon pwosedi oswa yon tès dyagnostik.

Ou ka aprann plis isit la.

<https://hartfordhealthcare.org/prices>

Èd siplemantè pou gwo bòdwo

Menm si ou pa kalifye pou rabè abityèl yo, ou ka jwenn èd. Si total dèt medikal ou a plis pase mwaye revni anyèl kay ou a, HHC ofri asistans finansye katastwofik. Pou jwenn tip èd sa a, ou ka adisyone tout lajan ou dwe nenpòt lopital, founisè oswa famasi, menm sa yo ki pa gen rapò ak Hartford HealthCare.

Pou aprann plis, rele 877.HHC.BILL (877.442.2455), vizite paj Patient Financial Assistance (Èd Finansye pou Pasyan yo) sou sit wèb HHC a oswa rele lopital lokal ou a.

<https://hartfordhealthcare.org/FinancialAssistance>

Backus Hospital Financial Counseling (Konsèy Finansye Lopital Backus)	860.889.8331, x 2917
Hartford Hospital Financial Assistance (Asistans Finansye Lopital Hartford)	1.877.545.3914
The Hospital of Central Connecticut Financial Counselors (Konsèy Finansye Lopital Sant Connecticut)	860.224.5181
Manchester Memorial Hospital	888.943.6042
Natchaug Hospital	1.800.426.7792
Charlotte Hungerford Hospital Financial Counselors (Konsèy Finansye Lopital Charlotte Hungerford)	860.496.6384
Rockville General Campus Emergency Room (Sal Ijans Kanpis Jeneral Rockville)	888.943.6042
Windham Hospital Financial Assistance (Èd Finansye Lopital Windham)	860.456.6706 oubyen 860.456.6109
Rushford	1.877.577.3233
St. Vincent's Medical Center (Sant Medikal Sen Vensan)	203.576.6257

Plis fason pou jwenn èd

Avantaj sante, asistans manje, èd finansye ak plis ankò

Depatman CT Sèvis Sosyal



CT DSS an Espanyòl

¿habla español?

Nouvo Règleman Travay SNAP
yo pou granmoun



Asirans sante abòdab, ki gen ladan: Husky, Medicaid, Children's Health Insurance
(Asirans Sante pou Timoun) ak plis ankò

Access Health CT

<https://www.accesshealthct.com/>

Lyen pou tout tip sèvis gratis oswa nan pri redwi tankou swen medikal, manje,
rad, fòmasyon pwofesyonèl ak plis ankò toupre w.

Connections That Matter

<https://connectionsthatmatter.org/>

Pwogram Asistans Eta oswa Federal

Anpil moun kalifye pou pwogram eta oswa federal ki ta ka ekonomize
an mwayèn **\$4,500 pa ane** sou bagay tankou sèvis telefòn, bòdwo enèji,
preskripsyon ak asirans sante. Reponn kèk kesyon la a pou w ka konnen sa
ou ka kalifye pou yo epi jwenn èd pou w aplike

<https://connectionsthatmatter.findhelp.com/echeck>

Hartford
HealthCare